

BAB III


TRANSKRIPSI DAN TERJEMAHAN

3.1 Pengantar

Pada bab ini akan disajikan transkripsi dan terjemahan cerita *jemblung Adege Masjid Demak*. Teks cerita *jemblung Adege Masjid Demak* ini ditranskripsikan dan diterjemahkan dari rekaman tanggal 5 Oktober 1998, di Musholla Sura Manggala Yudha desa Tamanan, kecamatan Mojoroto, kotamadya Kediri. Teks cerita *jemblung Adege Masjid Demak*, terdiri atas tiga bagian yaitu : (1) pendahuluan atau pengantar, (2) batang tubuh, dan, (3) penutup. Untuk memudahkan pembacaan teks, teks ditranskripsikan kemudian dibagi menjadi sebelas bab. Bab I berisi pendahuluan, bab II sampai dengan bab X merupakan batang tubuh yang terdiri dari babak I sampai dengan babak IX, dan bab XI penutup.

Bagian pendahuluan cerita berupa *puji-pujian* yang biasanya dilakukan oleh orang Islam, doa-doa dalam bahasa Arab dan Jawa, sambutan dalang pada awal pembukaan sebelum dalang bercerita, serta nasihat-nasihat pendahuluan dalang kepada *audiens* (penonton *jemblung*).

Bagian batang tubuh cerita berbentuk naratif dan dialog pelaku cerita. Pada bagian batang tubuh ini, dalang juga memberi selingan dengan nasihat-nasihat kepada *audiens*. Kadang-kadang pada bagian ini dalang tidak melagukan cerita, kadang-kadang melagukan, jika dirasa perlu. Selain cerita inti tentang



berdirinya Masjid Demak, cerita *jemblung Adege Masjid Demak*, dalang juga memberi selingan cerita-cerita lain supaya tidak membosankan audiensnya. Selingan ini melibatkan seluruh partisipan dalam pertunjukkan *jemblung* seperti para panjak, wiraswara atau penonton.

Bagian penutup berisi doa-doa penutup, permintaan maaf kepada penonton dan *puji-pujian* yang berisi nasihat dalam agama Islam. Bagian ini berbeda dengan bagian pendahuluan dan batang tubuh karena sangat pendek dan singkat.

Cerita inti dalam batang tubuh terbagi menjadi beberapa bagian yang disebut babak. Pembagian babak berdasarkan pada perbedaan peristiwa yang berbeda. Pembagian ini bukan berdasarkan pemenggalan panjak dengan sholawat, karena pemenggalan yang dilakukan panjak tersebut kadang-kadang dilakukan pada peristiwa yang sama.

Pada transkripsi teks cerita, untuk membedakan antara pengucapan dalang, wiraswara, dan panjak, maka diberi tanda di atasnya apakah pengucapan dalang, panjak, atau wiraswara. Untuk pengucapan panjak yang berupa penyela pada cerita dalang, diberi tanda kurung misalnya (yoo), (ladalah), (layolo), (yotta) dan lain-lain.

Agar transkripsi sesuai dengan bentuk aslinya, cerita di dalam bentuk tulisan diatur sedemikian rupa sehingga dapat dibedakan antara bagian yang dilagukan dengan bagian naratif dan percakapan antar pelaku cerita. Dengan mengambil istilah dari dunia pedalangan (Mudjanattistomo, 1977:14) dan dengan

pengertian yang agak sedikit berbeda, digunakan istilah *janturan* untuk menyebutkan bagian yang dilagukan, dan istilah *kandha* untuk menyebutkan bagian naratif (cerita dalang tentang keadaan atau peristiwa yang dialami pelaku, baik yang sedang terjadi, maupun yang akan terjadi).

Untuk pengucapan dalang, panjak, maupun wiraswara yang tidak jelas pengucapannya, pengucapan dalang yang terhenti karena mengingat sesuatu yang terlupa, atau tidak selesai, diberi tanda elipsis (...)

Untuk memudahkan pengutipan pada teks, maka setiap lima baris diberi angka dengan kelipatan lima, dengan urutan sebagai berikut : 5, 10, 15, 20, ..., dan seterusnya. Angka tersebut ditempatkan di sebelah kiri teks. Perbedaan antara dialog dan bukan dialog, diberi tanda petik jika merupakan dialog antarpelaku cerita, dan jika bukan dialog maka tidak diberi tanda petik. Contoh : “Kakang Patih Wanasalam”. Hal ini juga dimaksudkan agar teks cerita *jemblung Adege Masjid Demak* lebih komunikatif dan mudah dipahami bagi pembaca.

3.2 Transkripsi

Transkripsi adalah pengubahan wicara menjadi bentuk tertulis; biasanya dengan menggambarkan tiap bunyi/ionem dengan satu lambang (Kridalaksana, 1993:219). Transkripsi cerita *jemblung* mengikuti prinsip “Pemindahan secara setia”, artinya semua ucapan dalang, panjak maupun wiraswara dipindahkan dalam bentuk tulisan. Sehingga nantinya didapatkan teks yang tidak jauh berbeda

dengan rekaman aslinya. Unsur-unsur bahasa tulis akan disertakan agar memudahkan pembaca dalam memahami teks.

Transkripsi ini agak sulit dilakukan karena disatu sisi penulisan harus menggunakan kaidah ejaan bahasa Jawa tetapi disisi lain penulisan harus disajikan sedemikian rupa sehingga tidak jauh berbeda dengan rekaman aslinya yaitu pada saat dalang *jemblung* bercerita dalam pertunjukkan. Seperti terdapat penyimpangan-penyimpangan atau salah pengucapan dan bercampurnya dengan dialek setempat. Seperti '*Alam dunya*' diucapkan '*Ngalam dunya*', atau '*ora*' diucapkan '*ra*' saja. Maka untuk memberi keterangan seperlunya, akan diberi catatan transkripsi, untuk memperjelas hal tersebut.

Agar transkripsi cerita tidak menyimpang dari kaidah yang ada, maka sistem ejaan yang digunakan adalah didasarkan pada **Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa** yang diterbitkan oleh Duta Wacana University Press (1991). Kata-kata dari bahasa Arab seperti *dzikir*, *akhirat*, *salawat*, *Quran*, *zakat*, dan lain-lain ditulis berdasarkan EYD bahasa Indonesia. Penyimpangan kata dalam bahasa Arab atau Jawa akan ditulis sesuai dengan pengucapan aslinya. Seperti '*amin*' yang diucapkan '*min*', '*Alam*' menjadi '*ngalam*', dan lain-lain

3.2.1 Transkripsi Cerita *Jemblung Adege Masjid Demak*

I Pendahuluan

(Janturan Panjak)

Zaman akhir manungsa mangsane lali
 Zaman akhir manungsa mangsane lali
 Lamun lara apa tambane ra benjang
 Sahadat, sholawat, muji dzikir maring Allah

5 Zaman akhir manungsa mangsane lali
 Zaman akhir manungsa mangsane lali
 Lamun lara apa tambane ra benjang
 Sahadat, sholawat, muji dzikir maring Allah

10 Eman-eman, wong bagus ra sembahyang
 Eman-eman, wong bagus ra sembahyang
 Bagus endi sira lawan Nabi Yusuf
 Nabi Yusuf, ora lali sembahyange

15 Zaman akhir, manungsa mangsane lali
 Zaman akhir, manungsa mangsane lali
 Lamun lara apa tambane ra benjang
 Sahadat, Sholawat, muji dzikir maring Allah

Zaman akhir, wong ayu ya ra ngabekti
 Zaman akhir, wong ayu ya ra ngabekti
 Ayu endi sira lawan Siti Zulaika

20 Siti Zulaika, ora lali ngabektine

Zaman akhir, manungsa mangsane lali
 Zaman akhir, manungsa mangsane lali
 Lamun lara apa tambane ra benjang
 Sahadat, sholawat, muji dzikir maring Allah

25 Eman-eman, wong sugih ra gelem zakat
 Eman-eman, wong sugih ra gelem zakat
 Sugih endi, sira lawan Nabi Sulaiman
 Nabi Sulaiman, ora lali zakat fitrahe

Mumpung urib sucenana badan nira
 30 Besuk mati sapa sira kang nyuceni
 Yen wis suci, kaya wali, wali mukmin
 Ya Allah, Ya Allah, Ya Rasulallah

Pundi wonten jaran plangka tracake waja
 Pundi wonten jaran plangka tracake waja
 35 Ngalam dunya, mboten wonten pulalane
 Ing suwarga, ing suwarga panggenane

Sifat nabi, mulya jati tanpa tanding
 Cahya nira, cahya nira lir gumebyar
 Lir gumebyar, gumebyar, dadia ndaru
 40 Ora lali, panyuwunc maring Allah

(Janturan Wiraswara)

- Paguyuban kesenian jawi (yoo)
 Seni Jemblung paring asma Taruna Budaya (nyoo)
 Saking Tamanan dusune
 Kabeh sedya mituku (yoo)
 45 Guyub rukun sami makarti
 Naluri ing budaya saiki wis maju
 Manunggaling para warga (yoo)
 Seni Jemblung Taruna Budaya nami (yoo...ladalah)
 Tepak nyuwun ngapuro

(Janturan Panjak)

- 50 Bersemi...bersemi...Kediri Kutho Bersemi
 Werdine bersih sehat, menarik, indah, sayekti
 Pranane ing babakan
 Kebersihan dadi peranan
 Gawene saya rancak
 55 Pangreksane kasarasan
 Produksi keduk bumi
 Subur makmur loh jinawi
 Anane pembangunan
 Tutama indah sayekti
 60 Tut...runtut lan patut sinebut kutho bersemi
 Pranata Kediri, Kediri Kutho Bersemi
 Kediri Kutho Bersemi
 Bersemi...bersemi...Kediri Kutho Bersemi

Werdine bersih sehat, menarik, indah, sayekti

- 65 **Pranane ing babakan**
Kebersihan dadi peranan
Gawene saya rancak
Pangreksane kasarasan
Produksi keduk bumi
- 70 **Subur makmur loh jinawi**
Anane pembangunan
Tutama indah sayekti
Tut...runtut lan patut sinebut kutho bersemi
Pranata Kediri, Kediri Kutho Bersemi
- 75 **Kediri Kutho Bersemi**
- Bersemi...bersemi...Kediri Kutho Bersemi**
Werdine bersih sehat, menarik, indah, sayekti
Pranane ing babakan
Kebersihan dadi peranan
- 80 **Gawene saya rancak**
Pangreksane kasarasan
Produksi keduk bumi
Subur makmur loh jinawi
Anane pembangunan
- 85 **Tutama indah sayekti**
Tut...runtut lan patut sinebut kutho bersemi
Pranata Kediri, Kediri Kutho Bersemi
Kediri Kutho Bersemi
Indonesia merdeka

90 Ayo kanca...yo kanca ngamalake Ketuhanan Yang Maha Esa
Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin...
Amin... Amin... Amin... Amin... Amin...

Indonesia Kemerdeka

Ya...o...gending-gending...o...

95 *Salatullah, Sholamullah*
'ala thoha rasulillah
Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin... Amin...
Amin... Amin... Amin... Amin... Amin...

(Kandha Dalang)

Assalamu'alaikum warohmatullahi wabarakatuh (wa'alaikumsalam).

100 *Bismillahirrahmanirrohim, Alhamdulillahilladzi karomannabi mustafa.*
Muhammad habibina, wa 'aliyya ghoriq ya nabi nabi ba'da wassya'adah. Ya
Robbanallah 'ala syaidina Muhammad. Syarrunnabi wa 'ala ali waj'ana. Bil
wahidil Robhil 'alamin (amin). Ya Robhana, ya Robhana syirrittaqwahina
thoriq. Ya Robhana (amin)

105 *Bismillah, engson wiwiti carita, Klawan dining asmane Allah (yo to)*
kang arupi paring asih (yoo). Alhamdulillah, puji tetep keduwe maring Allah
(yoo), Robhil 'alamin kang Pangeran ing Alam Kabeh (ladalah). Remang-
remang tapake (yoo). Tegese galihe kangkung kuwi mau, tembunge wong
kuna kang liniwatake marang sastra (yoo lo). Yen ta cincekak, tinampa kanti
 110 *akal sawantah (bener). Rumangsa ing kana (ladalah). Karepe (yoo) remang-*
remang tapakipun wayahe kuwi mau anane pangkat lan derajat tumindaka
marang masyarakat (bener). Manungsa sakdurunge duwe pangkat lan drajat,
bali marang masyarakat (la yoo) Yen ta rikala duweni pangkat lan drajat bali
marang masyarakat (yoo). Yen ra duwe isin (ladalah). Yen ra duwe isin,
 115 *kuwi, apik-apike minggat (yoo ladalah). elek-eleke tumeka kendang*

(ladalah). Kendang kuwi mau menehi triprakara (layolo). Sepisan dosane kang murbeng dumadi, kaping pindone (Yoo) Dosa munduing negara. Jangkep kaping...mrenene dosa ing munduing bebrayan agung (layolo). Kang angka loro iku mundung bocah. Manungsa urip ning alam dunyo kasuwenan

120 kanggening kocang nyambut gawe, sitik-sitik dadi lan jumute (ladalah, layolo). Kayata tukang kendang, seklimah (bener). Kaya ra kaya, ra nyambut gawe (la ya). Tamune akch (ladalah, koyo pujangga ngana kae). koyo pujangga (la ya). Mula saka iku manungsa urip ning ngalam dunya, aja sok krasa lan rumangsa (bener) Aku ra kasinungan (ladalah) Duwe kewajiban

125 ambudidaya lirih (layolo) Sekabeing iku mau muhung mrih ngarepe Gusti manungsa wajibe ambudidaya lirih (laya). Kodrat kepestiane gusti ambudidayan mau (ladalah). Kang sebanjure mau susuhe angin (ya). Manungsa urib ning alam dunyo klebu mbah Mad pisan (la ya, bener). Kena lara mindanana, saksenana, (la ya) nanging tetep sepuluh dadi (la ya la).

130 Kang punasan kuwi mau galihe kangkung (la yo). Galieng kangkung karepe, wong urib ning ngalam ndunya yen ta wis kawentanan galihe kangkung (yo). Senajan ta deweke sore (yo). Isih bisa nabuh jidhor (ladalah). Yen wis tiniwancine mrih wis balik ning Gusti Kang Murbeng Dumadi (la ya). Yen wis patang puluh dina manungsa krasa lan rumangsa, senajan ta ra

135 ngrumangsani (la ya lo). Ana ing kana wis wujuting godhong kasturbo (ya). Mbah Kasmirin jan-jane wis krasa lan rumangsa nanging ra ngrumangsani (ladalah). Mula ora mokal yen ta ana sok-sok sing arep bali mring kersane Gusti Kang murbeng Dumadi. Perlune wis nyclawedi (bener). Mula saka iku mumpung aku lan kowe kabeh (la ya). Mbok menowo durung ketiban

140 wujute godhong kasturba (bener). Kudune urib ning ngalam dunya iki, kita gunakke apa kang dadi titah Gusti kang murbeng dumadi (bener, ladalah).

(Janturan Dalang) Sah bet byar wawuta. Tunggal carita, siji carita, siji gancare. Swuh data pitana. Nyuwun gusti apa ing dados carita ana ing papan kene, Demak Bintara. Marmo, pantes dadi bebukaning carita. Awit negara kang kondang kaonang-onang kajala mancanegara sayekti ngupaya satus tan
 145 antuk kaleh sewu tan antuk sedoso. Panjang wujud, duwur kawibawane, tegese sampun dirbaya, dadosaken bebrayan agung...

(Janturan Panjak)

Gending-gending ooo... ayo... ayo ...ayo

Ya Allah, Ya Rosulullah

Sholatullah salamullah

150 *'ala thoha rosulillah*

Paring asih Ya Allah paring asih,

min...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...ami

min...amin...amin...amin...

Ya Allah Robbal 'alamin

ii

Babak 1

(Kandha Dalang)

- 155 “Durung sawetara suwe anggonmu marah, Kakang Patih Wanasalam
pada raharja” (layolo)
 “Nuwun inggih raharja, sowan kula sampun ra kapada kawantu-
wantu” (bener)
 “Iya, ya, Kakang patih Wanasalam (yo) anggonmu ngaturake
160 pangabekten wis taktampa , mula pangestuku tampanana” (ladalah)
 “Nuwun pangestune Kanjeng Sinuwun nampi marang kula kalih,
mula ndadosaken marang piandel kawula” (ladalah)
 “Iya, ya Kakang patih, Kakang Patih Wanasalam” (yoo)
 “Snajan ta kula ngaturaken sembah sinuwun”
165 “Iya, ya Senapati Panenggak anggonmu ngaturake pangabekten wis
taktampa, Pada sing prayogo”
 “Nuwun inggih, sampun ingkang prayogi sinuwun” (ladalah)
 “Nuwun sewu para pepunden wali, sakwejangan kula ngaturaken
ngamandika kalian panjenengan” (ya ta)
170 “Iya, ya, ngger Dimas Natapraja, anggenmu ngaturake kabagyo mau
wani marang kadang-kadang wali kabeh (yoo), minangka wis tak tampa
sapada-pada” (ladalah)
 “Kakang patih, Kakang Patih Wanasalam (yoo to). Apa ra ndadekake
kabektian wis tak timbali ana ingson kene “ (bener)
175 “Mboten sumerap kula nampi tinimbangan gusti kula” ...

(Janturan Panjak)

Ya gending-gending

Yo... ayo... ayo...

Sholatullah salamullah

'ala thoha Rosulillah

180

Ya gending-gending

Ya Rosulillah paring asih Ya Allah, Ya Rosulillah

Min...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...

amin...amin...amin...amin...amin....amin.

Ya Allah Robbal 'alamin.

(Kandha Dalang)

185

“Kakang Patih Wanasalam, anane suwarga dawuh cedak-cedak saya cedak” (layolo)

“Senajan ta kawula praja negara Demak Bintara kene tumrape marang aku lan kowe kabeh” (bener)...

“Kakang Patih, Syukur Alhamdulillah marang Gusti”

190

“Ateges kena tinulak dining para raja ing manca-manca. Ya gene kakang Patih, pinter anggonmu ... ana lan pranata marang sekabehe kawula” (layolo)

“Kapetik yen titik ature kakang patih aoyo...”

195

“Akeh banget para muda kang pada-pada kepingin golek kepinteran beteke ngamalake ngilmune kanggo hayuning praja” (ladalah)

“Sepisan manch kakang patih, yen pranyata kahanan koyo ngana kuwi mau (ya) ora luput soko kakang patih kapinter anggon momong lan mangreh sekabeing para kawula” (bener)

200

“Estunipun apa sing ndadak kula paringaken para kawula mboten kurang-kurang” (bener)

“Anggon Kawula tindakaken njibat mboten milih dateng ganjaran Adipati, ananging anggen kula nindakaken njibat netepi jib-jiban kula. Kawula punika ginalarna, ajar sinawula” (la yo)

205 “Waton kangge katentremane negari kawula hanedya anglampahi”
(bener)

“Kakang patih, kakang patih Wanasalam (yoo). Soyo gondong rasaning atiku yen nitik marang ngamandikane kakang patih kaya ngana”
(bener)

210 “Lahir terusing ati, yen kabeh-kabeh para tantama, yen kabeh-kebeh para manggama” (yoo)

“Anggone wajib tanpa mikirake marang bebungah lan lan kakoncatan”

215 “ Iku mau sawijining prajurit kang wiwit (Ladalah)...prajurit kang tansah mikirake yak apa negara saya dina saya becik, saya dina saya rupa”
(ladalah)

“Inggih, kejaba saka iku ingson uga kepingin nyumrapi, uga kepriye anggone Senopati panenggak marang sekabehe Para taruna kang pada magrang ana ing prajurit negara Demak Bintara kene” (la ya)

220 “Sinuwun awit, pangestu panjenengan menika, Anggen kula dadi sinoman menika mboten sawiji malih. Mbok bilih titi sakwancine syukur-syukur mbagyo yen mangkana kahanane ateges saya mikuwati panjaganing praja” (bener)

225 “Jegeging praja Demak Bintara prajurit iku satu kawating praja, Satu kawating negara” (bener)

“Yen ta prajurit kaya mangkana, apa sing dadi katentremane praja”
(ladalah)

“Ora luput apa sing dadi kandamu kakang. Ing Demak Bintara kene akeh para sinoman sing pada kang prajurit, Kakang Panenggak bisa ngrekrut, supaya negara bisa tentrem lan sentosa kahanane” (bener)

230 “Pada sing prayogo”

“Sampun prayogi”

“Nuwun sewu para pepunden wali, kala sawetawis ing mriki kawula badhe nyuwun pirsu (yoo) dateng panjenengan, perkawis paweratan ageng (yoo) Kados pundi dawuh panjenengan saklajengipun” (ladalah)

235 “Yo, yo Dimas Dipati Natapraja, Ing kene aku Sunan Bonang minangka dadi sesulihe para kadang-kadang wali kabeh minangka dadi sesulihe Rama Sunan Ngampel. Kaya parepatan para kadang-kadang wali kabeh (ngge) Duweni kapinginan , duweni gayuhan mulya (bener). Ya iku bakal yasa masjid ana ing Demak Bintara” (ladalah)

240 “Sakwise para kadang-kadang Wali kabeh rikala dina jumah kepungkur para wali padha nindak haji...”

“Wis padha gumolong, sedyane enggal-enggal yasa masjid ana ing Demak Bintara (ladalah). Awit, masjid kuwi mau sawijine panggonan kanggo sarana lan sarat sarengate wong kang netepi marang agama Rasul (yoo). Ya ing masjid iku mau sarana kanggo ngumpul, kanggo ngrembuk, babakan ngilmu-ngilmu tauhid (yoo). Kanggo ngrembuk lan pranata marang sekabeing para kawula ing Demak Bintara kene (ladalah, bener). Jalaran tak kandakke ana ing masjid, awit, masjid lan Bintara ora kena dipisah-pisahake (ladalah), masjid ngadeg dewe, Demak Bintara ngadeg dewe, ora kena (la yo lo). Lelorone kudu sawiji (yoo). Lelorone kudu nyawiji (bener). Ibarate sareat lan hakekat. Bintara kanggo mranata negara (yoo). Yen masjid kanggo mranata jiwa ing manungsa. Kang gunung ana ing Demak Bintara kene (bener) loro-lorone ora kena dipisahake (la yo lo)”

245

250

255 “Lajeng kados pundi dawuh panjenengan, sebab kula atur-aturi enggal maring dawuh (yoo). Sarana ing menika, tumindakaken kados pundi?”

“Ngene Dimas Adinatapraja (yoo). Para wali wis nentokake”

260 “Nyuwun sewu sakdurunge Dimas Natapraja aku nyuwun palelah karo sliramu Dimas Adi Natapraja. Ing kana para kadang-kadang kabeh pada sakrembuk (ngge). Ya iku mau supaya enggal-enggal amiwiti yen wis antuk malilah soko Dimas Adipati Natapraja” (bener)

“Inggih, kawula tanpa cumandang menapa ingkang dados jumenengan ngendika dawuh”

265 “Yen Dimas wis magyogyani lan magestani (yoo), mangko marang kadang-kadang wali kabeh, suput, cemawis, lan golek ubarampe kang awujud soko, kang awujud cagak-cagake masid Demak Bintara. Panggenane Dimas Dipati Natadipraja kudu cemawis ing sekabeing belantar lamusuk (bener, ladalah)”

“Inggih ndadosaken Demak Bintara endah kawontenan masjid”

270 “Waton sliramu mangestoni. Senajan ta negara mung nyediake lan cawis wujuteng belanda lan musuk, Insy Allah, Gusti Kang Murbeng Dumadi bakal menchi pitulungan marang jejege Masjid Demak” (Layolo)

“Lajeng benjang punapa anggenipun para pepunden sami gawe wajib?”

“Dimas ora ndadak ngenteni corok lintang sambung” (layolo)

275 “Yen wis ana palelah saka Dimas Dipati Natapraja, Insy Allah, aku lan para kadang kabeh enggal-enggal amiwiti jumenengan masjid Demak Bintara” (ya)

(Janturan Panjak)

Yoo...ayo...ayo

Sholatullah bibismillah

- 280 *Wamin hadi Rosulillah*
Ayo...ayo rakyat kabeh
Ya Rosulillah, Ya Allah
Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...
amin...amin....amin...amin...amin...amin
- 285 *Ya Allah Robbal 'alamin*

III

Babak II

(Kandha Dalang)

“Para kadang-kadang wali kabeh” (ngge)

“Kaya-kaya kita midhangtake yen ing kawenggan iki Dimas Natapraja wis paring palilah marang anggen kita bakal yasa jumenengan masjid Demak Bintara” (layolo)

290 “Kula nyuwun parpapatan kang kita adakake ana ing srambi mekkah kae (yoo). Dimas Sunan Giri wis paring aba-aba para kadang wali siji kabeh kudu pada cecawis (yoo). Wujute saka papat, saben wali siji, golek cagak kang cacahé papat” (ladalah). Yen kabeh wis pada ngerti marang kewajibane dewe-dewe. Lewat ayo pada nyuwun pamit marang ngersane Dimas
295 Natapraja enggal-enggal ngumadi sarana jumenengan”

(Janturan Panjak)

Ooo...

Sholatullah salamullah

'ala thoha Rosulillah

Sampun wedal para Wali

300 *Ya Rasulullah, Ya Allah*

Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...

amin...amin...amin...amin...amin

Ya Allah Robbal 'alamin

(Kandha Dalang)

305 “Kakang patih Wanasalam (yoo). Kaya sliramu ngerti dewe apa sing dadi pepunden para wali (layolo). Kang dina sawengku kawedya tumindake wajib bakal yasa masjid ing demak Bintara kene, mula saka iku kowe wae aja

wedi lan kangelan marang sekabehe para prajurit (layolo). Supaya nindakake wajib. Sepisan, jaganen lan pikwana panjagane praja (la yo). Awit, sak wanci-wancine ana tukulane kang bakal coba (layolo). Kowe kabeh bisa berantas.

310 Angka lara (la yo, bener) dawuhana marang sekabehe kawula supaya melu-melu dedunga maring Gusti Kang Maha Kuasa (yoo). Lan prawaja marang tindake dawuh. Sing ati-ati lan prayitna”

(Janturan Panjak)

Ya Rosulallah

Sholatullah salamullah

315 *'ala thoha rosulillah*

'ala Yasin habibillah

Amin...amin...Ya Allah

Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...

amin...amin...amin...amin...amin...amin

320 *Ya Allah Robbal 'alamin*

(Kandha Dalang)

Sampun tata titi dawuh pangandikaning Sri Bupati (layolo). Sabda padita ratu tan ra lali. Tindake Satriya tumuleh rikala semana sampun dumugi wonten ing celak. Paring sasmita dateng...pareng anjajagi lampaha

(Janturan Panjak)

Ya Rosulallah

325 *Sholatullah salamullah*

'ala thoha rosulillah

'ala Yasin habibillah

Amin...amin...Ya Allah

Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...

330 *amin...amin...amin...amin...amin...amin*

Ya Allah Robbal 'alamin

IV

Babak III

(Kandha Dalang)

“Anak-anakku, nduk, bocah deblong. Moro dadi lakonku, saben esok sore ngalor-ngidul tansah ngendet buku kuwi mau, ana wigati kang kepriye ta?” (la yo)

335 “Yo ora luput kang dadi kandamu, saben esok sore, ngalor-ngidul kuwi mau mon betheke aku kepingin banget melu-melu menahi sesuluk marang pawengan kang pada tur ing pekara apa? Menahi sesuluk marang kadang-kadang” (layolo)

340 “Yen ta aku ndeleng marang kanan kiri akeh banget para sinoman, para bocah cilik inggih ing bangku pamulangan ing kana ora bisa melu sekolah aku menahi sesuluk ing kana, aku menahi pituduh(La yo). Marang bocah cilik-cilik. Para sepuh kang uga ora ngerti marang sastra (layolo) lan basa. Kudu melu cancut tali wanda, mbrasta marang tri utami tegese mbarasta buta huruf saktunggale (kayata?) Kayata, umpamane, para sepuh
345 ora bisa ngerteni, marang ajar tulis lan maca, akumenahi pituduh sukur-sukur bisa dimangeteni. Ateges kowe kuwi sawijine muda kang ngenggoni marang mudane. Awit, ujure para winasis (yoo). Para muda kuwi mau sawijining bangsa. Maju lan mundure bangsa lan negara kuwi mau gumantung marang para mudane (ladalah). Saketik ruswantara kene iku selawe tahun iki bakal
350 tumeka dina ing para mudane kepriye. Dina iki para mudane kepriye para segut lan mrengkut anggone pada golek ngilmu-ngilmu sengkut lan gumregut anggone golek pil koplo (ladalah). Yen pada sengkut lan gumregut pada cancut tali wanda golek ngilmu. Mboh iku ngilmu gunung, ngilmu agama, selawe tahun bakal tumeko nang Ruswangtara iki dadi negara maju. Nanging

355 sewalike yen ta para mudane pada nengenake tumindak asusila (layolo)
 nengenake tumindak dursila (bener) pada nengenake ngombe pil koplo (la
 yo) Selawe tahun mengko ruswantara bakal dadi negara koplo (bener). Mula
 kang saka kuwi, ing kene wis takaturake yen ta kowe melu cancut tali wanda
 mekerake kahanane negara marang dina samengko. Menehi sesuluh lan
 360 pituduh. Ateges kuwi mau mindoni marang mudamu (ladalah). Senajan ta
 kowe wanita, zaman saiki wanita wis maju. Wanita yen ngono bisa
 ngenggoni. Wanita kuwi mau jan-jane saka tembung wani kinta. Yen wis
 wani kinata, uga kudu wani ancnata. Kejaba wani kinata uga wani nenata.
 Wani kinata, wani kinata lirih. Wani kuwi aja mrih mung karepe dewe. Aja
 365 klebu mrih karepe dewe, klebu karepe tukang kendang. Ning sekabeing kuwi
 mau, yen carita luput, ana lupute, dilipitke kudu nglenggana (bener). Aja sok
 rumangsa benere dewe (layolo) rumangsa bener kuwi bener pranatan sok-sok
 kaya tukang jidhor kuwi bolak-balik diilingake kleru benr, bener olehku
 nabuh. Bener kuwi lungguhe pranata pada-pada benere, nggoleko munduing
 370 pranatan. Wani kinata kaya ngana kuwi lirih kang seduduhe wani kinata yen
 wis wani diemutake wani dilikake kewajiban uga wani ngemutake (layo).
 Nenata wani ngemutake yen ta pada ngurupi ana kahanan kang sajake ora
 becik kuwi mau, wanita pada ngemutake. (ladalah). Yen ta kowe wanita wani
 nenata marang kabeh. Piye anggone gluwentah marang putra. Piye kanggo
 375 ndongakke marang putrane. Jalaran saka sepele, seklimah, anak kuwi enak
 namun jan-jane angel. Penake, katone sakbendina diopeni, digendong,
 disuapi neng jan-jane luwih saka iku, kejaba sakbendina digendong, disuapi,
 ditukokake sak bendina, sakbendina nyuwunake kang gusti Kang Murbeng
 380 Dumadi muga-muga anak kuwi dadi anak sing utama (layo). Kanggo agama
 manungsa”

“ Ya...ya, yen kaya mangkana kaya kang mbok kandakake yen ta
 kowe sakbendina melu mikirake marang ajuning kabudayan (layolo) kaya
 kang takkandakake ning ngareb, majune bangsa bisa cilandra marang majune
 para mudane. Delengen endi-endi negara, endi-endi praja ya kuwi pinentu
 385 marang kabudayan praja kabudayane uga maju. Isih muda aku uga melu
 program-programe negara. Ya iku mau melestarikan labudayan dan
 menggalikabudayan (ladlah). Uga aku melu nglestarekake marang kabudayan
 nek kae saka bumi Ruswantara uga asli Kediri. Tak wenehi tenger Taruna
 Budaya. Taruna kuwi karepe muda. Budaya mung kabudayan lirih. Sing
 390 gelem ngesteni lan nglestarekake marang ananing kabudayan (layolo) Yen
 kaya mangkana jalaran katone jemblung kuwi mau neng akeh bnget hikmah
 kang kapundut. Sepisan, jemblung ing kana ana sholawate (bener). Sing
 angka lara, jemblung ana hiburane (layolo). Yen wis kaya mangkana ana
 nyamikane. Ndadak, jan-jane nde ndek wingi wis takprogram. Waktune kuwi
 395 mau jam papat baru tekan ngomah. Ya ngana kuwi nduk, yen kowe para
 muda, ngluhurake marang kabudayan yen ta kowe nglestaerake marang
 kabudayan nglestarekake marang kabudayan ngerteni kaya ngapa suaramu,
 rungakna ana kembang kopi.

(Janturan Wiraswara)

Saben bengi nyawang kunang
 400 Yen mamadang mung nganggut janur kuning
 Kembang kae waton nggunung
 Caping nggunung dadi bansarwi
 Jenang panas
 Ngliri-nglirik duwur nglirik-nglirik
 405 Udan aling-aling caping nggunung
 Caping nggunung la yo mas

snajan lanang

enomane ayu

Jaman paguguran ya kelingan

410 Saben bengi nyawang kunang

Yen mamadang mung nganggut janur kuning

Kembang kae waton nggunung

Caping nggunung dadi bansarwi

Jenang panas

415 Ngliri-nglirik duwur nglirik-nglirik

Udan aling-aling caping nggunung

Caping nggunung la yo mas

snajan lanang

enomane ayu

420 Jaman paguguran yo kelingan

(kandha dalang)

“Anak-anakku ngger bocah denok lan deblong, marahku mbrang neng prakara kang bejaning atimu. Sukur nduk sukur alhamdulillah kaya mangkana kang dadi dongane wong tuo isa mikul dhuwur lan mendem jero klawan aku lam kowe mau nduk. Ayo ndang tindak”

(laturan Panjak)

425 *Ya Rosulallah*

Sholatullah salamullah

'ala thoha rosulillah

'ala Yasin habibillah

Amin...amin...Ya Allah

430 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...*

amin...amin...amin...amin...amin...amin

Ya Allah Robbal 'alamin

(Kandha Dalang)

Kocat kacarita kaya mangkana enengo ora ana pagelarann tiyang jawi
priksa patih wanasalam wedal saka pacilan.

(Janturan Panjak)

435 *Ya Rosulallah*

Sholatullah salamullah

'ala thoha rosulillah

'ala Yasin habibillah

Amin...amin...Ya Allah

440 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...*

amin...amin...amin...amin...amin...amin

Ya Allah Robbal 'alamin

Ya Indonesia Kemerdeka

Ayo kanca ngamalake Ketuhanan Yang Maha Esa

445 *Amin...amin...Ya Allah*

Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...

amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin

Indonesia Kemerdeka

(Kandha Dalang)

450 “Mangke ta, mangke, Gusti Patih, Kawula ndugi patih kados dadi
penggalie Gusti sinuwun, senajan ta kawula kepingin nempil kados-kados
dadi penggalie Gusti sinuwun. Kula aturi enggal-enggal kawedaran”

“Iyo...yo, para prajurit kabeh, ora nana kang dadi sawiji pada majune
iki paring gawe”

(Janturan Panjak)

Yo...ayo...ayo...

- 455 *Ya Rosulallah*
Sholatullah salamullah
'ala thoha rosulillah
'ala Yasin habibillah
Amin...amin...Ya Allah
- 460 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...*
amin...amin...amin...amin...amin...amin
Ya Allah Robbal 'alamin

(Kandha Dalang)

“Para bocah-bocah prajurit kabeh (ngge), Iki apa kang dadi dawuhe gusti kang sinuwun kang sepisan supaya akeh paring pandongo marang Gusti.

- 465 Kang angka lorone, aku lan kowe kabeh supaya mikuwati panjagane praja (layo) Apa kowe kabeh wis pada mangerti marang jejibane dhewe-dhewe? (ngge). Becik kowe uga njaga negara”

(Janturan Panjak)

Ayo kanca pada cancut tali wanda
 nerusake pembangunan kanggo negara. Tata tentrem.

- 470 Ayo kanca...ayo kanca, bebarengan mbangun desa
 Paguyuban kesenian Jemblung saking Kediri

Ayo kanca pada cancut tali wanda
 nerusake pembangunan kanggo negara. Tata tentrem.

- Ayo kanca...ayo kanca, bebarengan mbangun desa
 475 Paguyuban kesenian Jemblung saking Kediri

(Kandha Dalang)

“Mandeg, kanca mandeg” (mandeg)

“Iki kepriye barisan mandeg, kok ora menchi aba-aba” (layo)

“Barisan mandeg kuwi mestine menahi aba-aba, menahi tengoro”

(Layolo)

480 “Iki kanca nggawa pusaka kok ora diwurangkakne (layo). Yen kena kancane mundak drawasi” (bener)

“Kanca-kanca jan-janc arep menyang ngendi?” (Ladalah ana prajurit ora ngerti marang printahe komandan)

485 “Prajurit kok kemulan sarung, mestine kowe sawijine prajurit kang kudu tansah siaga. Aja mung kemulan sarung, keplek kartu (la yo) dep-depane jenewar rasane pil koplo”

490 “Ngene kanca, aku lan kowe kabeh, wajib mikuwati panjagane praja ngarep dalane rusuh (layo) nguwati dalane praja iku rak mangko dalane rusak kudu didandani. Prajurit ngerti dalane rusak aja wigak lan wigik ora kereng ra dadi pimpinan ngene. Olche masang brengose kewalik. Aku lan kowe kabeh sawijine prajurit, weruh dalan rusak kudu didandani. Prajuri gawane bedil, keris, pistol, apa bisa kanggo dandani dalan? Isa aku lan kowe kabeh sawijine prajuri, senjata ta gawane bedil lan sak piturute (iyo). Nanging ana saranane para kawula tumandang gugur karya”

495 “KKN, Reformasi iku mbrantas KKN (ra oleh). La kudu kepriye para kanca sepisan maneh ing prajurit nggawa bedil lan sapanunggale, apa bisa kanggo dandani dalan? Delengen ing mburi kotak kae iku mburine para kadang kae. Senajan ta aku prajurit aku lan kowe kabeh kudu bisa menahi tepa tulada marang kawula. Aja mung prajurit bisa meden-medeni marang rakyate (layolo). Weneana tepo tulada sing apik (bener). Aja kaya tukang jhidor, tabuhe gedhe. Aja kaya tukang kendang, komplengane roso. Menahi komplengan roso. Kudune berdiri sama tinggi, (duduk sama rendah). Kaya ngana kuwi. Banjur kepriye para kanca, aku lan kowe kabeh bebarengan
500
505 kawula desa, cnggal-cnggal gugur gunung. Tumandang karya, programe

negara AMD (ABRI masuk desa). ABRI masuk desa (bener). Ayo para kanca
 enggal-enggal kaweritan.”

(Janturan Panjak)

- Ayo...ayo...ayo...ayo kanca
 Gayane-gayane basa
 510 Kene...kene...kene...kene tukanana
 Nyambut gawe
 Saya-saya rata
 Bebarengan karo kancane
 sira legawa kanggo mulyane negara
 515 siji, lara, telu, papat
 maju papat-papat
 e...ola...ole
 Olobis kontrol baris
 Olobis kontrol baris
 520 Olobis kontrol baris
 Olobis kontrol baris

 Ayo...ayo...ayo...ayo kanca
 Gayane-gayane basa
 Kene...kene...kene...kene tukanana
 525 Nyambut gawe
 Saya-saya rata
 Bebarengan karo kancane
 sira legawa kanggo mulyane negara
 siji, lara, telu, papat
 530 maju papat-papat

e...ola...ole

Olobis kontrol baris

Olobis kontrol baris

Olobis kontrol baris

535 Olobis kontrol baris

Ayo...ayo...ayo...ayo kanca

Gayane-gayane basa

Kene...kene...kene...kene tukanana

Nyambut gawe

540 Saya-saya rata

Bebarengan karo kancane

sira legawa kanggo mulyane negara

siji, lara, telu, papat

maju papat-papat

545 e...ola...ole

Olobis kontrol baris

Olobis kontrol baris

Olobis kontrol baris

Olobis kontrol baris

550 Yaa...

Sholatullah, salamullah

'ala thoha rasulillah

'ala yasin habibillah

min...amin Ya Allah

555 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...*

amin...amin...amin...amin...amin
Ya Allah robbal 'alamin

V

Babak IV

(Kandha Dalang)

Neng ta kang lagi lumampah beja ngurusi negara Demak Bintara kadya suro Manggala Yudha kaya belah-belahna bebantara (la yo).
 560 Pangenane nira kadya sekar setaman, sinebar abit kempal lawan redya kangkabarata (layolo). Cemeng cempalawane ngresta gagak amungsawan (layo). Muntape para wadya lir tirta kawentine banyu carto kawodot. Kang nembe katoyan, pating caruwah, pating caruwah sewantene (layo)

(Janturan Panjak)

*Ya Allah*565 *Bibismillah wabil hadi**Rasulillah wa kulli muja rasulillah**Ya Rasulillah**Min...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...**amin...amin...amin...amin...amin*570 *Ya Allah Robbal 'ulamin*

(Kandha Dalang)

Neng ta kang lagi lumampah, ora ya kaya tindake kanjeng Sunan Kalijaga (layo). Rikala semana yen tindak Sunan Kalijaga sampundumugi wonten ing madyaning Wanadirbaya (layolo). Wana, alas. Dir, gedhe. Baya, pakewuh (layolo). Sawijine wana kaliwat-liwat, kapati-pati (bener). Apa
 575 kandane ora ana wana kang hani ngumpul wana Dirbaya (layo). Senajan ta, megang medung sumilah akeh garewa pating clorot (bener). Yen ta rina katon semi, yen dalu sarto merbawani (layo). Yen ta cumandok wonten ing

Wana Dirbayamenika anane (layolo), sawijine pinisepuh kandereaken pawestri ugi wis andum (layo), kapiyasa (layo) anggeni ngamandika

(Janturan Panjak)

- 580 Yo...ayo...gending-gending
 Ooo...yo...ayo...ayo...ayo
Sholatullah, salamullah
'ala thoha rasulillah
Ya Rasulallah paring asih
- 585 *min...amin Ya Allah*
Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin
...amin...amin...amin...amin
Ya Allah robhal 'alamin

(Kandha Dalang)

- 590 “Nuwun sewu, panjenengan punika wonten saktengahe wana menika wonten wigatos menapa, Kanjeng Yai? (yoo). Ing wana menapa wonten ingkang panjenengan wingit, nyelat dateng papan panggonan panjenengan menika” (ladalah).

- 595 “Iyo, yo, ngger apa sing dadi kandamu, senajan ta aku wis rada sawetara suwe anggonku lungguhan ana ing tengah alas kene durung wani ana kewan sing wani nyedaki (layolo). Aku cumondok ana ing papan panggonan kene, nanging wis suwe anggonku krasa banget sayah (layo). Kanggo ngilangi rasa sayah (layo), sawetara suwe dumadak sliramu teko” (layo).

- 600 “Kados mekaten kanjeng eyang, nuwun sewu kula badhe nyuwun pitedah dateng panjenengan kekalih (layolo). Sakderengipun kawula nedhi pitedah ingkang kathah. Kawula nyuwun, kepingin banget tetepangan kalian panjenengan menika kanjeng eyang” (layata)

“Ngger, aku ki jan-jane ngana dudu tukang jemblung. Yo dudu tukang
tayub (bener). Ya dudu tukang reformasi (layolo). Ya dudu ngana (sopir
605 gudang garem). Yen kowe takon, aku ki jan-jane lak rikala sing ...”

“Panjenengan saking pundi?” (layolo)

“Aku ki jan-jane Ratu ing negara Ngamarta (layo). Jenengku
Darmakusuma. Yen sing nyekel terbang iku dudu Darmakusuma, ning
Darmagundul (ladalah). Tukang terbang iku Darmagundul, yen aku
610 Darmakusuma (layo) lan ning cedhakku ki garwaku” (layo, jenenge
Sudarminah)

“Nuwun sewu kanjeng Eyang, panjenengan punika purun tiyang
ingkang waskita nanging panjenengan ra kaya-kaya ing wana. Estunipun
panjenengan wewadi menapa?” (layoto)

615 “Panjenengan menika estunipun sampun dumugi tatanan ingkang
unggul katoyan” (layolo)

“Ngger, jan-jane ngana aku rak pada karo kowe, aja ngomong wong
liya (layo). Iki rahasia, aja ngomong karo...senajan ta karo Gatot Wiyono.
Gatot kuwi panganan, Wiyono kuwi telo gundul (layo). Panganan sing
620 mendemi ulo. Kowe aja sok nyedaki Gatot Wiyono (ha...ha). Ngene, jan-jane
ngana aku tumeka ana ing alas kene kuwi mau, aku nggoleki wong sing
jenenge Sunan Kalijaga (layolo). Awit manut wangsita Sunan Kalijaga kang
bisa duduhi marang jatidiriku, kang bisa nduduhake lan bisa menehi sesuluh
marang jimat kang ndak gawa” (layolo)

625 “Nuwun sewu Eyang, panjenengan madosi tiyang ingkang namine
Kanjeng Sunan Kalijaga. Panjenengan anggadai Jimat menika. Nuwun sewu,
jimat menika kados pundi? Kawula dereng nate suweruh ingkang panjenengan
asma jimat”

630 “Dhisik, wong iki sing ndak goleki...Sunan Kalijaga (layolo). Mengko ndak takkandani, kowe ngomong wong liya” (layo)

“Kanjeng Sunan tapi kuwalik (he...he)Kanjeng eyang estunipun panjenengan menika sampun lelenggahan kaliyan penje piyantun ingkang panjencngan kersane”

635 “Inggih kula menika ingkang nami Sunan Kalijaga” rak ing clorot mau pakuwa Prabu Darmakusuma sakala jenggirat.

(Janturan Panjak)

Sholatullah Salamullah

'ala thoha rosulillah

'ala yasin habibillah

Ayo kanca ngamalake Ketuhanan Yang Maha Esa

640 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin*

...amin...amin...amin...amin

Ya Allah Robbal 'alamin

(Kandha Dalang)

Kocat kacarita kaya mangkana (layolo). Jimat wis kaparengaken kanjeng Sunan Kalijaga ingkang (layata) Wujute jimat wis punaos Kanjeng Sunan Kalijaga ingkang unenipun ‘Asyhadu ‘alla illaha illallah wa asyhadu 645 anna muhammaddarrosulullah’ Sakawa Prabu Darmakusuma wis mangerteni uga madya wasana (yoo). Wis angrupeti sadya kalih (layo). Rikala semana tinimbangan saking gusti kang murbeng Dumadi ing bawana.

(Janturan Panjak)

Laa illaha illallah Muhammaddarrosulullah

550 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin*

...amin...amin...amin...amin

Ya Allah Robbal 'alamin

(Kandha Dalang)

Prabu Darmakusuma wis angru, kepriye agama tauhid (yoo), wis
mrundut bali mring kasirin jati (laya) tinujukke marang Kanjeng Sunan Wali

655 lumampah nerusaken nindakke wajib (bener)

(Janturan Panjak)

Laa ilaaha illallah

Al malikul haqqul mubin

Muhammadarrosulullah

Allah shodiqul wabil hadi

660 *Laa ilaaha illallah*

Al malikul haqqul mubin

Muhammadarrosulullah

Allah shodiqul wabil hadi

Laa ilaaha illallah

665 *Al malikul haqqul mubin*

Muhammadarrosulullah

Allah shodiqul wabil hadi

VI

Babak V

(Kandha Dalang)

Saya menengah anggonmu lumampah Kanjeng Sunan Kalijaga
(layolo) Wonten sakala Sunan Kalijaga ngendika “Hu...hu...”

(Janturan Panjak)

670 Yaa...

Sholatullah salamullah

'ala thoha rosulillah

Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin

...amin...amin...amin...amin

675 Ya Allah Robbal 'alamin

(Kandha Dalang)

“Wch...lah, sapa kuwi dlojoran ning kana kuwi” (layolo)

“Kula kanjeng Sunan, Kula sawer Kanjeng Sunan” (ladalah)

“Nuwun sewu Kanjeng Sunan. Apa ta...kula kepingin nyuwun
piterang salebetipun kula wangsa nyapada kula menika suraosipun menapa,

680 Kanjeng Sunan?”

“O...kaya ngana ta (layolo). Anane rikala kowe lagi mangan kodok,
aku nyuwara karepe untalen”

“O...ngaten”

(Janturan Panjak)

Sholatullah salamullah

'ala thoha rosulillah

685 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin*

...amin...amin...amin...amin

Ya Allah Robbal 'alamin

(Kandha Dalang)

690 “La kuwi, pencolotan kuwi Jamirun apa Duwir kuwi? (Sapa ndodok nek kana kuwi?). Ngge, apa Pak RT kuwi? (layolo). Pada pencolot, apa lak mreng?”

“Kula kodhok Kanjeng Sunan”

“Nyapo, ndadak kowe ndodok pencolotan. Ndek kene...”

695 “Kula nyuwun pirsane salebetipun kula badhe nyamangsa...mangke saktawase kados pundi Kanjeng Sunan”

“Nyoo, karepe tembung guru kuwi mau Durna Jala”

“Inggih, menawi mekaten Kanjeng Sunan, kula rumaos Kapotangan kalia panjenengan (yoo), Estunipun panjenengan ngantos dumugi wonten tengahe wana punika wonten wigatos menapa?” (yoo)

700 “Temene ngana, anggonku teko tengahing alas iki lagi ngayahi wajib (yoo ta) yaiku milih milih golek kayu jati” (bener)

“Menapa nggandong Kanjeng Sunan? (Heng). Jaman Reformasi kok nggandong.” (layolo)

“Kodok, anggonku tumuka golek kayu jati kuwi mau, kanggo soko, jumenengan masjid ana ing negara Demak Bintara” (layata)

705 “Menawi mekaten, Kanjeng Sunan. dereng...kula punika sampun ucul saking pati kula badhe maos ugi dateng panjenengan”

“Yok apa?”

710 “Inggih menawi panjenengan sampun pikantuk jati ingkang panjenengan kersakaken, Kawula saget ngeteraken ngantos dumugi ing Demak Bintara”

(Janturan Panjak)

Yaa...

Sholatullah salamullah

'ala thoha rosulillah

'ala yasin habihillah

715 *Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin*

...amin...amin...amin...amin

Ya Allah Robbal 'alamin

BAGIAN VI

(Kandha Dalang)

Saya menengah anggon lumampah Kanjeng Sunan Bonang (layolo).
Kanjeng Sunan Kali, yen ta mandra saking yayah tiyang kang maos lan
720 memuji maring kersane gusti.

(Janturan Dalang) *Allahumma sholli wa sallim 'ala syaidina wa
maulana Muhammadin. Alhamdulillah kula, muji kangge Pangeran Kang
Maha Suci, Sholawat lan salam kangge Nabi Muhammad. Allohumma sholli
wa sallim 'ala sayyidina wa maulana muhammadin bi ilmilla bi sholata.*

725 Gampange iman kang wigati, mula sing sregep anggone nang masjid.
*Allohumma sholli 'ala sayyidina adadama bi ilmilla bi shollata sa imama bi
taqwaba muhilla. Wujute iman maca sholawat. Asale kuat, baline kuat.
Allohumma sholli 'ala sayyidina adadama bi ilmilla bi shollata sa imama.
Bismillah, kula badhe wiwiti bawane iman. Iman ing Allah Kang paring asih
730 lan rahmat. Allohumman sholli wa sayyidina wa maulana Muhammadin
adadama bi ilmilla bi sholata da imana bitaqwa.*

VIII

Babak VII

(Kandha Dalang)

Saya menengah anggone lumampah Kanjeng Sunan Kali (layolo).
 Rikala Kanjeng Sunan Kali (yoo) Nyumurupi wonten tiyang kaleh ingkang
 lagi lumampak anyelaki sakwerisa katon soyo cedhak, soyo cedhak yen
 735 tiyang kaleh menika tasih ingkang putraSiswangita Kinawir kita-kita...

(Panjak)

*Sholatullah salamullah**'ala thoha rasulillah**'ala yasin habibillah**Amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin...amin*740 *...amin...amin...amin...amin**Ya Allah Robbal 'alamin*

(Kandha Dalang)

"Assalamu'alaikum" (Wa'alaikum salam)

"Kaya rupa ing ngarepku, ana wigati apa?" (yoo).

"Inggih kanjeng Sunan lepat piageng pangatsani. Estunipun anggen
 745 kula sowan ngarsa dateng panjenengan lan anggen kula nganti royo-royo
 dumugi wonten ing tengahé wana menika (layolo)...dateng durujati Kawula"
 (bener).

"Lan kowe Imam Sumantri (ladalah) anggonmu krewo nganti tumeka
 ing alas (yoo lo) goleki guru jati (layolo) Kuwi mau yen kurang yektine isih
 750 durung jangkep (layolo) karena rikala kowe isih cumandok ana ing papan
 panggengan (layolo) Anggonmu ngasuh ana ing ngarsaku wis karone tak
 kuwati lan ndak kandani (layolo). Yen kowe kepingin banget anggonmu urip

ana ing dunya iki dadi urip kang utama (yoo) Dadi urip kang mulya (yoo),
Utama munding manungsa, mulya dumadi gusti kang Murbeng
755 dumadi(layo). Yektine manungsa cineta Gusti Kang Murbeng Dumadi mau
cineta gati maturing Gusti Kang Mulya (ladalah). Manungsa cineta dining
Gusti dadi makhluk kang paling mulya (ladalah, bener). Kerana mulya neng
makhluk kang aran manungsa wusananing dining gusti antuk kapitayan (yoo)
nenata lan mimpin bumi lan saklintune (bener). Karo Gusti Allah diangkat
760 (yoo) dadi pemimpin ana bumi. Ya ana ing jaga raya (ladalah). Dadi
pemimpin ana ing bumi sapa sing dipimpin? Klebu mimpin dalang Jemblung
lan sakpinurute.(bener). Mula kang saka iku, reh kowe antuk drajat kang
mulya neng munding Gusti (yoo). Mula kamulyan kowe mau, kowe bisa
nggunakke jumbuh karo kamulyan kang diparengake dene Gusti Kang
765 Murbeng Dumadi (layoto). Yen kowe bisa nggunakke kamulyan sing
diparengake Gusti tumrap kowe (yoo to) ya kaya ngana kuwi kalebu umat lan
makhluk kang mulya (ladalah) mumet ra? (mboten) Wong kang rembuk
cekang cingkrange bloko sutane (bener) Yen kowe wis ngenggoni marang
dumugi dawuhing Gusti, kowe mau Insya Allah kowe ki klebu golongan
770 wong kang tansah sukur marang kersane Gusti (bener). Wong sing rebo kowe
bisa gunakke pira-pira nikmate Gusti jumbuh lan sarat karo kekarepane Gusti
(ladalah). Neng kowe bisa nampa, gumantong neng kowe kowe (yoo no)
neng kandaku kowe ngerpekko neng Mbah Mad. Insya Allah, Mbah Mad
bakal nerjemakne (layolo). Kuwi kang sepisan (yoo). Kang sebanjure kowe
775 wis nate ndak takkandani yen Gusti Allah iku mrintah marang manungsa
supaya maca salawat marang kanjeng nabi. Gusti Allah kuwi mau kejaba
mrintah uga nindakke (bener)beda karo mrintah sholat, manungsa diperintah
sholat, manungsa ora sholat (bener). Mrintah poso semono ugo. Yen mrintah
maca sholawat, Gusti Allah uga maca sholawat mrih kanjeng nabi (layolo)

780 malah malikat ugo maca sholawat neng kanjeng nabi (layolo). Innalloha wa
 mala ikatahu yushollu 'ala nabi, *yaa ayyuhalladzina amanuShollu alihi wa*
sallim mutaslima. Kejaba Gusti Allah mrintah marang aku lan kowe kabeh
 supaya maca sholawat neng kanjeng Nabi, Gusti Allah lan malaikat kabeh
 ugo pada maca sholawat mrih Kanjeng Nabi. Mula kang saka iku, yen urip
